Pou Piblikasyon Imedya: 10/10/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY MIZAJOU SOU REPONS POU MANK POTANSYÈL LIKID NAN VENN NAN ETA NEW YORK AKÒZ DEGA SIKLÒN NAN

Depatman Sante Eta a te bay oryantasyon pou lopital yo, founisè ak ajans swen alontèm ak sèvis medikal ijans yo

Ofisyèl yo evalye eta apwovizyònman founisè yo pou idantifye bezwen esansyèl pou likid nan venn

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon mizajou sou repons Eta a nan entèripsyon potansyèl rezèv likid nan venn nan Eta New York apre enpak siklòn Helene nan. Byenke pa gen mank ofisyèl likid nan venn (IV) nan Eta New York nan moman sa a, Eta a ap kowòdone aktivman ak ofisyèl federal ak responsab sante lokal yo pou evalye enpak nenpòt deranjman aktyèl oswa fiti. Pandan sitiyasyon sa a ap devlope, Eta a pare pou resevwa pwovizyon adisyonèl nan likid IV ke gouvènman federal la ka achte selon bezwen lokal yo. Anplis de sa, Eta a pral kontinye kontwole ak anpil atansyon sitiyasyon sa a apre nenpòt pwoblèm adisyonèl akòz enpak siklòn Milton.

"Sekirite ak byennèt Nouyòkè yo se pi gwo priyorite mwen – epi m ap siveye ak anpil atansyon rezèv likid IV nan eta nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon nou an pral travay ak gouvènman federal la, konte lokal yo ak etablisman swen sante atravè Eta a pou asire bezwen ekipman medikal nou yo byen konsève."

Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Depatman Sante Eta a ap travay di pou asire etablisman yo kapab bay swen vital ak sove lavi pandan mank potansyèl likid IV sa yo nan tout peyi a. Lè nou bay konsèy sa a, n ap asire pwovizyon likid aktyèl IV yo disponib pou pasyan ki pi enpòtan yo jiskaske chèn apwovizyònman an estabilize."

Se rès siklòn Helene ki te lakòz pètibasyon aktyèl la nan chèn rezèv likid IV la, ki te fòse fèmti izin Baxter nan Marion, Kawolin di Nò. Baxter ap travay ak gouvènman federal la pou jere envantè yo epi minimize deranjman apwovizyònman pandan y ap travay pou restore totalman operasyon fabrikasyon yo. Baxter bay plis pase 60 pousan nan likid IV yo itilize Ozetazini, enkli nan Eta New York.

Depatman Sante Eta New York te pibliye konsèy nan dat 9 oktòb 2024 bay founisè swen sante yo nan tout eta a nan kad yon repons divèsifye aspè nan limit sou chajman likid (intravenous, IV) kòm konsekans enpak Siklòn Helene nan. Yo te distribiye direktiv nan lopital ak sant dyagnostik ak tretman yo, ki gen ladan sant operasyon anbilantwa ak enstalasyon ak klinik maladi renal tèminal; etablisman swen alontèm ki gen ladan mezon retrèt, etablisman swen pou granmoun ak founisè swen nan kay ak ospis; ak sèvis medikal ijans.

Byenke pa gen okenn mank ofisyèl nan Eta New York nan moman sa a, yo mande antite sa yo pou yo adopte estrateji pwoaktif pou konsève likid IV pou asire ke estòk disponib yo itilize yon fason ki efikas.

Anplis de bay direktiv, Depatman Sante Eta a ap rasanble enfòmasyon nan men founisè yo pou evalye eta òf founisè yo epi idantifye bezwen enpòtan yo.

Depatman Sante Eta a ap kowòdone tou ak òganizasyon ki reprezante etablisman swen sante yo pou asire ke li gen yon imaj konplè sou sitiyasyon an. Anplis de sa, Depatman an te aplike sistèm kòmand ensidan an repons a sitiyasyon sa a ki pèmèt akselere aktivite repons ak kowòdinasyon an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU